



Fè yon kap Ti Bonbe an papye


Lakou
Kajou




Wap bezwen yon papye blan
òdinè.




W ap pliye papye a an 2 nan
sans vètikal.




W ap kòmanse dechire li apati
de mwatye san ke ou pa chire
li nèt.




W ap kontinye dechire li nan
sans papye pliye a jiskaske ou
rive lan fen an.




W ap depliye pati ou dechire a
ki pral sèvi kòm ke kap tibonbe
a.



W ap ouvè li epi ou fè 2 ti
tou nan tèt li pou mare yon
filakoud.



Ou ka kolorye sa w vle sou papye a epi mare
yon fil ladann.



Tann lè gen van epi kòmanse monte ti bonbe
a.